



## Ibibazo n'inyishu kubijanye no kwandura sida biciye mu mibonano mpuzabitsina

**Ikibazo:** Mbega sida yandurwa gute biciye mubutsina?

**Inyishu:** Inzira imwe muzindi sida icamwo mukwandukira ni mu mibonano mpuzabitsina. Umugera wa sida bawusanga mu mazi yo mubihimba vy'irondeka, vyaba ivy'abagabo canke ivy'abakenyezi. Aha twovuga nk'utûzi (pre-cum) two mubihimba vy'irondeka vy'umugabo tuza imbere yuko intanga ziza be no mumaraso; mwomenya ko no muri arya maraso umukenyezi ava mugihe ari mubutinyanka nayo nyene bashobora kuyasangamwo umugera iyo uwo mukenyezi asanzwe awufise. Mwomenya ko kugira imibonano mpuzabitsina n'umuntu agendana umugera wa sida naho mwobigira rimwe gusa ushobora guca wandura, ariko birashika ukagira amahirwe ntuze wandura. Umugera rero uca uja mumurindi w'amaraso ukayanduza ariko rero si imisi yose. Hari ibintu bimwebimwe bishobora gutuma umuntu yandura canke ntiyandure naho yoba agize imibonano mpuzabitsina n'umuntu yanduye; bishobora kuvana n'izindi ndwara zica mubihimba vy'irondeka, canke ingene baranguye iyo mibonano mpuzabitsina, canke kw'ikoreshwa ry'udukingirizo, canke ko hari udukomere mubihimba vy'irondeka, n'ibindi.

**Ikibazo:** Nobigenza gute ngo mumibonano mpuzabitsina ntihabemwo impanuka zo kwandura?

**Inyishu:** Ivyokorwa tubishira mumirwi itatu: Ubwambere, hari ivyotuma atampanuka n'imwe yo kwandura sida ihaba. Aha twovuga nko gusomana be no gukoranako. Gusa ico twokongerako kuri ibi vyo gukoranako nuko umuntu yokwirinda gukora k'utûzi two mubihimba vy'irondeka mugihe yoba afise udukomere kuntuze tutarakira. Umurwi wa kabiri wowo ntampanuka nyinshi zirimo werekeye gukoresha canke guhuza iminwa canke indimi muntumbero yo kuryohereza nk'abariko barangura imibonano mpuzabitsina. Umurwi wa nyuma ari nawo urimo impanuka nyinshi zo kwandura werekeye kugirana imibonano mpuzabitsina n'uwugendana umugera wa sida atagakingirizo ukoresheje. Kugira rero ugire amabanga mpuzabitsina wikingiye: wokoresha agakingirizo, kandi mwe n'uwo muyarangurana mwokwipimisha mukamenya ko mukomeye canke murwaye, mukirinda kurangurana imibonano mpuzabitsina n'abantu benshi mbere ivyiza nuko umuntu yogira uwo bayirangurana umwe gusa kandi nawenyene yipimishije akabona ko akomeye kandi akongera akiyemeza ko atawundi bazogendana. Hari ivyirwa vyerekanye ko abirinze ntibatangure kugira imibonano mpuzabitsina bataragera, baba abakobwa canke abahungu bagira

amahirwe menshi yo kutandura sida. Nakare musanzwe muzi ko n'uwubigize rimwe gusa ashobora kwandura mugihe uwo babigiranye asanzwe yaranduye.

Ikibazo: Kuryoherwa muvuyo guhuza iminwa canke indimi, hari impanuka zo kwandura zirimwo?

Inyishu: Umuntu yovugako ivyo bigira impanuka nke zo kwanduza umugera wa sida, ugereranije n'imibonano mpuzabitsina, ariko ntawovugako kuryoherwa muguhuza iminwa canke indimi bidatuma wandura. Umunwa wacu ntiworohereza umugera kwinjira mumubiri wacu. Nkuko twabivuze, utûzi two mubihimba vy'irondoka nitwo dushobora kwanduza nayo ivyo mukanwa ntampanuka nyinshi zirimwo. Ibintu bimwebimwe kandi birashobora kongereza impanuka zo kwandura. Udukomere two mukanwa ni inzira umugera ushobora kwinjiranamwo. Izindi ndwara zifatira mubihimba vy'irondoka zirashobora kongereza impanuka zo kwandura umugera mugihe co guhuza iminwa canke indimi.

Ikibazo: None umuntu yokwirinda gute kwandura biciye mukanwa?

Inyishu: Gukoresha agakingirizo k'abagabo canke k'abakenyezi bikinga ko mudahanahana utûzi two mubihimba vy'irondoka. Mugihe rero muriko muryoherwa muguhana iminwa n'indimi, nukuraba neza ko atadukomere mufise mukanwa. Aha rero mwokwirinda guhana iminwa canke indimi muhejeje gufungura ibifungurwa bishobora kubakomeretsa mukanwa canke muhejeje kwiugumura n'umujigiti.